

KORONA VIRIS
« KONSIY KOLEKTIF 4 DESANM »

Lè nou swiv tout difikilte ki genyen pou pèp Ayisyen respekte konfinman total nan peyi a, aprè yon chita pale avek gran epidemolojis imminolojis virolojis, nou oblije reprann menm konsèy sa yo pou evite plis kontaminasyon korona viris la.

- * Se pou nou tande tout konsiy MSPP yo.
- * Rete lakay nou si nou pa gen bezwen ijan .
- * Evite rasanbleman ,ou foul kote ki gen anpil moun.
- * Bay tout moun distans yon mètr senkant (1m50) ki nan antouraj ou.
- * Pote yon mas nan figiw si ou santi(maltèt, fyèv, gòj sèk, tous sèk,dyare)
- * Mete devan pòt antre lakay nou 1 galon dlo ki gen kloròks(kantite 10cc ,ou 2 ti kiyè kloròks) pou lave men nou.
- * Pa mete men nan figi nou san nou pa lave l.
- * Pa krache atè men nan yon moso papye jetel nan poubèl.
 - Toujou lave men nou byen pwòp avek savon pandan chak kadè.
- * Toujou retire sou nou rad nou te al travay avel la, anvan nou pran kontak ak moun lakay nou lew nou rive lakay.
- * Pa rantre andedan kay nou avèk sandal,soulye, tenis nou te soti nan lari, kite yo fè yon moman nan solèy deyò . Itilize yon sèl bagay pye pou soti deyò pou nou pa mache nan kay la avek soulye,sandal,tenis nou te mache nan lari.

26 Mas 2020

Se mètr kò ki veye kò